



Èd Manje Apre yon Dezas

Kiyès ki Elijib pou Èd Manje Apre yon Dezas

Apre yon dezas, gen 3 kalite Èd Manje ke ou kapab resevwa:

- ÈdRanplasmanManjee pou ranplase manje ki pedi ou gate;
- ÈdManjeDezas paske ou te nan yon dezas; e
- ÈdManjeAkselere paske ou bezwen ak tout vites.

Depandan sou sikonstans ou e kalite Èd Manje ki disponib, ou kapab elijib pou yon sel kalite, oswa ou kapab elijib pou de kalite, ou touletwa, oswa anyen. La se yon diskripsyon twa kalite Èd Manje e jan ke ou kapab kalifye.

Èd Ranplasman Manje

1. Mwen ap resevwa Èd Manje, men tout manje mwen te gate lè pouvwa a te fème pandan dezas la. Kisa mwen kapab fe?
 - Ou elijib pou Èd Ranplasman Manje pou ranplase manje gate a. Pou aplike pou Èd Ranplasman Manje, ranpli yon fòm Otorizasyon Ranplasman Èd Manje # CF-ES 3515. Jwenn fòm sa a sit DCF a <http://www.dcf.state.fl.us/DCFForms/Search/OpenDCFForm.aspx?FormId=597> oswa rele DCF ou travayè ka ou. Retounen fòm la a DCF pa lapos, faks, ou fasafas andan 10 jou de pedisman manje a. Enfòmasyon kontak pou biwo DCF sou intènèt la: <https://www.dcf.state.fl.us/programs/access/map.shtml>

Èd Manje Dezas

1. Kisa Èd Manje Dezas ye?
 - Gouvèman federal la kapab deside pou bay Èd Manje Dezas lè boutik manje yo louvri pou biznis ankò, apre yon dezas te anrete manje ki t'ap nòmalmàn vini a.
2. Kiyès ki elijib pou Èd Manje Dezas?
 - Sa depan de sa ke gouvèman nan deside apre chak dezas. Lakay nan zòn dezas la kapab elijib pou Èd Manje Dezas menm si yo nòmalmàn pa t'ap elijib pou Èd Manje.
3. Kijan mwen kapab aplike pou Èd Manje Dezas?
 - Rele nimewo san-pre DCF (1-866-762-2237) pou jwen kote pou aplike, ou kontakte Sant Rekouvremàn Dezas lokal ou. Ou kapab aplike atrave "Manje pou Florida" a: <http://www.dcf.state.fl.us/programs/access/fff/index.shtml>



Èd Manje Akselere

1. Kisa Èd Manje Akselere ye?
 - Èd Manje Akselere se pou moun ki vreman bezwen e bay andan 7 jou apre yo aplike. Lè ou aplike pou Èd Manje nòmàl, yo ap mande ou kesyon pou we si ou kalifye pou Èd Manje Akselere.
2. Kijan mwen kapab konnen si mwen elijib pou Èd Manje Akselere?
 - Pou ou vin elijib pou Èd Manje akselere ou dwe montre ke:
 - Moun lakay ou gen mweske \$150 chak mwa anvan taks e mweske \$100 nan kob ou nan bank; oswa
 - Ou se yon migran ou kiltivatè pa sezon avek meske \$100 nan kob e ou pa'p resevwa plis revni pandan mwa ke ou aplike a; oswa
 - Lwaje mwa lakay ou oswa ipotek e itilite plis ke revni pa mwa ou anvan taks e kantite ke ou genyen nan kob e kont bank yo konbine.
3. Eske imigran elijib pou Èd Manje akselere?
 - Refijye, asylee, antran Cuban/Ayisyen, rezidan pèmanan ki swiv lwa yo (moun ki gen kat vè) avek 40 katye travay nan U.S., manm tribi Indyen ki rekonet federalman, veteran, manm sèvis lème, e sitwayen U.S. elijib.
4. Ki verifikasyon mwen bezwen pou resevwa Èd Manje akselere?
 - Ou dwe kapab verifye ke ou ye moun ke ou di ou ye e montre dokiman avek non ou sou yo, oswa gen yon moun di ke yo konnen ou.
5. Eske mwen bezwen ranpli nenpot lot demann?
 - Ou ap mande pou verifikasyon kondisyon imigrasyon ou, nimewo sekirite sosyal ou, revni ou e depans ou a tan ke ou aplike. Men menm si ou pa kapab bay tout verifikasyon yo, ou ap elijib pou Èd Manje akselere andan 7 jou apre ou aplike.
6. Si mwen pa kalifye pou Èd Manje akselere, eske mwen toujou kapab resevwa Èd Manje nòmàl?
 - Wi, aplikasyon kupon manje ou dwe pwosede e ou dwe resevwa yon desizyon ekri andan 30 jou ki deklare si ou elijib, e kantite benefis ke ou dwe resevwa. Si yo refize ou benefis, men ou kwe ke ou dwe resevwa yo, kontakte biwo Sèvis Legal ki pi pre ou a.